

The University of the State of New York
REGENTS HIGH SCHOOL EXAMINATION**ISTWA JENERAL
AK JEORAFI****Madi**, 24 janvyè 2006 — 9:15 dimaten pou 12:15 apremidi, sèlman

Non Elèv la _____

Non Lekòl la _____

Ekri non w ak non lekòl ou a an karaktè enprimri sou liy pi wo la yo. Epi ale nan dènye paj nan ti liv la, se la w ap jwenn fèy repons pou Premye Pati an. Pran san w pou w pliye dènye paj la nan kote ki dantle yo tou dousman epi chire paj repons lan. Apre sa, mete enfòmasyon yo mande nan tèt fèy repons lan. Kounye a, ekri non w ak non lekòl ou a an karaktè enprimri nan tèt chak paj ti liv redaksyon an.

Egzamen sa a gen twa pati. Ou fèt pou w reponn **tout** kesyon nan chak pati. Sèvi ak plim nwa oubyen plim ble fonsè pou w ekri repons yo.

Premye Pati a gen 50 kesyon ochwa. Ekri repons pou kesyon sa yo nan fèy repons ki apa a.

Dezyèm Pati a gen yon kesyon redaksyon tematik. Ekri repons pou kesyon sa a nan ti liv redaksyon an, kòmanse nan paj 1.

Yo baze **Twazyèm Pati** a sou divès dokiman:

Seksyon A nan Twazyèm Pati a gen dokiman yo. Chak dokiman akonpaye ak yon kesyon oubyen plis. Nan ti liv egzamen an, ekri repons pou chak kesyon sou liy ki vin apre kesyon an. Sonje ekri non w ak non lekòl ou a nan premye paj seksyon sa a.

Seksyon B nan Twazyèm Pati a gen yon redaksyon ki baze sou dokiman yo. Ekri repons la pou kesyon sa a nan ti liv redaksyon an, kòmanse nan paj 7 la.

Lè w fini egzamen an, se pou w siyen deklarasyon ki ekri sou fèy repons Premye Pati a. Deklarasyon an di ou pa janm konnen ni kesyon ni repons egzamen anvan ou konpoze epi ou pa ni bay poul ni pran poul pandan w tap konpoze. Yo pap aksepte fèy repons ou an si ou pa siyen deklarasyon sa a.

Itilizasyon aparèy kominikasyon entèdi pandan egzamen sa a. Si ou itilize nenpòt aparèy kominikasyon, menm si se pou yon ti tan, egzamen ou an pap valab ankò e ou pap resevwa nòt pou li.

PA OUVRI LIV EGZAMEN AN TOUTOTAN OU PA RESEVWA SIYAL LA POU OUVRI L.


Pati I

Reponn tout kesyon nan pati sa a.

Eksplikasyon (1-50): Pou chak deklarasyon oubyen kesyon, ekri nan fèy repons separe a *nimewo* mo a oubyen ekspresyon, yo ba ou yo, ki pi ale ak deklarasyon an oubyen reponn kesyon an.

- | | |
|---|---|
| <p>1 Objectif prensipal yon liy kwonolojik se pou montre</p> <ol style="list-style-type: none">(1) ki kòz epi ki konsekans lagè yo(2) ki kote plas enpòtan yo ye(3) avantaj sivilizasyon modèn yo(4) relasyon kwonolojik ant evenman yo <p>2 Nan listwa, moun viv nan savann, dezè, montay, bò rivyè, bò lakòt, epi sou zile.</p> <p>Deklarasyon sa montre moun</p> <ol style="list-style-type: none">(1) chanje anviwonman yo(2) devlope yon lang komen(3) òganize fòm gouvènman ki sanble(4) remmen viv nan zòn izole <p>3 Nan yon ekonomi planifye, sa ki pi enfliyanse desizyon ekonomik yo se</p> <ol style="list-style-type: none">(1) demann konsomatè a(2) règ politik gouvènman an(3) investisè prive(4) fason labank fonksyone <p>4 Kòman agrikilti lè li fèk parèt afekte moun ki t ap viv lontan yo?</p> <ol style="list-style-type: none">(1) Sosyete yo vin nomad.(2) Pwodiksyon manje desann.(3) Sivilizasyon yo devlope.(4) Kantite timoun k ap fèt desann byen vit. <p>5 • Si yon moun pete je yon moun ki lib, je pa li ta dwe pete tou.
• Si yon moun kase dan yon moun ki nan menm ran sosyal ak li, dan li ta dwe kase tou.</p> <p>Règ sa yo chita sou</p> <ol style="list-style-type: none">(1) Pawòl Konfisiyis(2) Kòd Hammurabi(3) Dis Kòmannman(4) Koran (Qur'an) | <p>6 Ki sivilizasyon ki devlope an premye yon sistèm sèvis sivil, envante poud pou zam, epi fabrike pòslèn?</p> <ol style="list-style-type: none">(1) Aztèk(2) Chinwa(3) Japonè(4) Women <p>7 Bay yon konsekans konkèt Aleksann Legran yo te genyen?</p> <ol style="list-style-type: none">(1) ekspansyon kilti Elenik la(2) fòmasyon legliz Kreyen(3) diminye enpòtans Wout Swa yo(4) ogmante sipò moun kap dirije Mayen yo <p>8 Ki de sistèm kwayans ki pale sou lespri nan lanati?</p> <ol style="list-style-type: none">(1) Shinto ak animis(2) Endouyis ak Konfisiyis(3) Jidayis ak Kreyen(4) Islam ak Boudis <p>9 Kote Konstantinòp te ye sou detwa Bospò a te yon rezon ki fè Anpi Bizan an te kapab</p> <ol style="list-style-type: none">(1) konkeri Moskou yon vil Larisi(2) gaye relijyon jidayis la nan Lwès Lewòp(3) kontwòl wout komès kle ant Lewòp ak Lazi(4) ini Legliz Otòdòks Lès yo ak Legliz Katolik Women yo <p>10 Kòd Jistinyen an konsidere kòm yon etap enpòtan paske li</p> <ol style="list-style-type: none">(1) te prezève sou papye anpil ansyen dekrè legal Chinwa yo(2) te sèvi tankou yon mòdèl pou sistèm legal Ewopeyen an(3) te tounen premye konstitisyon demokratik(4) te ini lide Mizilman ak Women yo |
|---|---|

Sèvi ak desen anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 11 ak 12 yo.



Sous: Michael B. Petrovich et al., *People in Time and Place: World Cultures*, Silver, Burdett & Ginn, 1991

11 Majorite aktivite ekonomik nan teritwa feyodal sa a te gen pou wè ak

- (1) echanj
- (2) endistri
- (3) bank
- (4) agrikilti

12 Ki konsèp ekonomik desen sa a montre?

- (1) otosifzans
- (2) enflasyon
- (3) anbago sou echanj
- (4) konpetisyon

13 Yon gwo kontribisyon Laj Dò Islamik la se te

- (1) devlopman mèkantilis
- (2) kreyasyon premye relijyon politeyis la
- (3) gaye lide demokratik yo
- (4) avansman matematik ak lasyans

14 Ki faktè ki te pi enfliyanse pozisyon sosyal yon moun nan sosyete Endyen lontan yo?

- (1) edikasyon
- (2) nesans
- (3) zòn jeyografik
- (4) sa chak moun reyalize

15 Ki sivilizasyon ki dwe ale nan tit lis ki pa fini ki anba a?


- I. _____
- A. Gaye Islam
 - B. Kòmès Lò ak Sèl
 - C. Kwasans Timbuktu
 - D. Pelerinaj nan Mansa Musa

- (1) Benen
- (2) Kuch
- (3) Mali
- (4) Ejiptyen

- 16 Istoryen bay sa Mako Polo ak Ibn Batouta te ekri anpil valè paske yo
- (1) te sèvi kòm premye resous sou komès ak kilti
 - (2) te baz pou liv sen Ewopeyen yo
 - (3) te gen ladan yo konsèy sou kòman pou dirije yon fason demokratik
 - (4) te bay lide ki pa gen prejije sou lavi nan Lafrik ak Lazi
- 17 Ki faktè ki fè Renesans kòmanse nan vil Italyen yo?
- (1) okipasyon pa pouvwa etranje yo
 - (2) entèraksyon ak Amerik Latin
 - (3) pòslèn an plis ki sòti Japon
 - (4) aksè ak wout enpòtan pou echanj
- 18 • 1340s—Mongòl yo, komèsan yo, ak lòt vwayajè yo mennen maladi nan kote yo fè echanj nan lwès Lachin.
- 1346—Lapès te rive nan pò Caffa ak Tana yo nan Lanmè Nwa.
 - 1347—Kòmèsan italyen yo te rete lwen pò Lanmè Nwa yo.
 - 1348—Lapès te vin yon epidemi nan majorite lwès Lewòp.
- Ki konklizyon ou kapab fè dapre deklarasyon sa yo?
- (1) Lapès la te afekte Lachin pi plis.
 - (2) Kontak moun te gen yonn ak lòt lakòz lapès la gaye.
 - (3) Pa te gen lapès preske nan pò ki nan vil yo.
 - (4) Lapès la te kòmanse nan lwès Lewòp.
- 19 Ki dekouvèt ki te gen pi plis enpak sou Refòm Pwotestan an?
- (1) machin pou enprime avèk lèt ki ka dekole
 - (2) kat Mekatè
 - (3) konpa mayetik
 - (4) vwal triyangilè
- 20 Ki deklarasyon ki dekri pi byen konsèp mèkantilis la?
- (1) Sifraj Inivèsèl vinn bay moun ki gen edikasyon.
 - (2) Echanj ki fèt sou kontwòl se kle pou pouvwa.
 - (3) Se moun ki pi kapab sèlman ki dwe viv.
 - (4) Kontwòl sosyal ki anpeche revolisyon.
- 21 Magna Kata, Petisyon pou Dwa, ak Deklarasyon Dwa Moun ann Angletè te kreye pou
- (1) limite pouvwa monak Angle yo
 - (2) pran lwa pou pwoteje dwa Pwotestan yo
 - (3) òganize anpi kolonyal Angle a
 - (4) aboli wòl Palman an
- 22 Teyori ki jistifye yon monak dirije ak otorite Bondye rele
- (1) lesefè
 - (2) totalitaryanis
 - (3) predestinsyon
 - (4) dwa diven
- 23 Yon bagay ki sanble nan règ Pyè Legran, Suleyman I, ak Lwi XIV se chak lidè
- (1) separe pouvwa a ak yon lejislati
 - (2) pratike tolerans relijye
 - (3) agrandi teritwa yo
 - (4) desann kantite enpo yo ramase
- 24 Ki faktè ki pwoteje Larisi ki fè lame Napoleyon an pat konkwole li?
- (1) resanblans relijye ak kiltirèl
 - (2) endistriyalizasyon ak mòdènizasyon
 - (3) gwosè jeyografik ak kote li sitiye
 - (4) enstabilite politik ak ekonomik
- 25 “Pou moun ki vle swiv mwen, mwen lofri difikilte, grangou, swaf ak tout danje lagè.”
- Sous: *Garibaldi's Memoirs*
- Pawòl Garibaldi sa yo pi souvan asosye ak panse Italyen
- (1) eksplorasyon
 - (2) nasionalis
 - (3) enperyalis
 - (4) netralite
- 26 Pandan lane 1800 yo, lwa sou refòm ki te pase an Grann Bretay, Lafrans ak Lalmay te mennen nan
- (1) fòmasyon zaibatsu, plis egalite pou gason, epi kreyasyon yon sistèm bankè
 - (2) legalize sendika, etabli nivo salè, epi limite travay timoun
 - (3) gouvènman mèt faktori yo, kreye plan senk an, epi mete limit sou imigrasyon
 - (4) anpeche echanj avèk deyò, sèvis militè obligatwa, epi tout fanm kapab vote

Sèvi ak kat ki anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 27 la.

Lewòp Endistriyèl nan lane 1850



Sous: Bentley and Ziegler, *Traditions and Encounters: A Global Perspective on the Past*, McGraw-Hill, 2003 (adapte)

27 Ki konsèp yo montre w nan kat la ki pi pre posib ak modèl distribisyon popilasyon an nan Langletè?

- (1) ibanizasyon
- (2) kolonizasyon
- (3) kolektivizasyon
- (4) globalizasyon

28 Karl Marx ak Friedrich Engels ankouraje travayè yo pou amelyore lavi yo pandan yo ap

- (1) eli reprezantan sendika an
- (2) patisipe nan gouvènman lokal
- (3) voye jete sistèm kapitalis la
- (4) mande pansyon ak asirans pou andikape

29 Sa ki montre yon gouvènman se yon gouvènman totalitè se

- (1) eliminasyon gwo endistri
- (2) sèvi ak sansi, polis sekrè, epi represyon
- (3) pa gen yon konstitisyon ki ekri
- (4) sipò pèp la nan desizyon palmantè

Sèvi ak pasaj anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 30 la.

“ . . . Mwen pre pou fè konnen jan mwen fyè nan sa Japon reyalize. Men istwa a: Se sou sizyèm ane Kaei (1853) yo te resi wè pou premye fwa yon bato ak vapè; se te sèlman sou dezyèm ane Ansei (1855) nou kòmanse etidye navigasyon nan men Olandè yo nan Nagasaki; nan lane 1860, nou te konprann syans la ase pou nou te kondwi yon bato nan Pasifik la. Sa vle di setan apre nou wè pou premye fwa yon bato ak vapè, apre sèlman 5 kan pratik, Japonè yo travèse Pasifik la san èd ekspè etranje. Mwen panse san fo fyète nou kapab vante kouraj ak talan sa a devan lemonn. Jan mwen te montre li, ofisye Japonè yo pa te resevwa okenn èd nan men Kaptèn Brooke pandan vwayaj la. Menm lè yo ap fè obsèvasyon yo, ofisye pa nou yo ak Ameriken yo fè sa apa. Pafwa yo konpare rezilta yo, men nou pa te janm depann sou Ameriken yo. . . .”

— Eiichi Kiyooka, trans., *The Autobiography of Fukuzawa Yukichi*, The Hokuseido Press, 1934

30 Ki seri evenman yo pi asosye ak nasyon ki dekri nan pasaj sa a?

- (1) lafen Lagè Opyòm → kreyasyon zòn enfliyans Ewopeyen
- (2) lafen Tokugawa Shogunate → kòmansman restorasyon Meiji
- (3) Manchus yo tonbe → Sun Yixian (Sun Yat-sen) monte
- (4) enperyalis nan Lachin → kòmansman Dezyèm Gè Mondyal

31 Lafen nan Ikrenn nan lane 1930 yo se rezilta gouvènman Sovyetik la ki t ap eseye

- (1) fini yon lagè sivil
- (2) vini ak abitud mache lib la
- (3) fè agrikilti vin kolektif
- (4) entwodwi rotasyon rekòt

32 Lè kèk lidè Ewopeyen te dakò ak demann Itlè (Hitler) sou Chekoslovaki an 1938, yo t ap sipòte politik

- (1) detant
- (2) pouvwa balanse
- (3) sekirite kolektif
- (4) apezman

33 Yon rezon ki fè Lalmay te gen siksè lè li anvayi Polòy nan lane 1939 se paske Polòy

- (1) manke pwoteksyon natirèl
- (2) te sitiye bò Lamè Nò
- (3) manke resous natirèl
- (4) te pre Balkan yo

34 Ki rezon ki fè Lend te divize an de nasyon nan lane 1947?

- (1) Lidè Endyen yo pa t dakò sou wòl Lend nan Nasyonzini.
- (2) Grann Bretay te pè si Lend ini li kapab vin yon menas militè.
- (3) Inyon Sovyetik te ensiste pou Lend ta dwe genyen yon gouvènman kominis.
- (4) Diferans ant Endou ak Mizilman yo te kreye konfli relijye.

- 35 • Òganizasyon Eta Ameriken (OAS)
• Inyon Ewopeyen (EU)
• Akò Lib Echanj Amerik di Nò (NAFTA)

Òganizasyon ak akò sa yo se egzanp


- (1) izolasyon politik
- (2) alyans militè
- (3) koperasyon rejyonal
- (4) sekirite kolektif

36 Ki faktè ki te pi ede fòs Pati Kominis yo pran kontwòl Lachin apre Dezyèm Gè Mondyal la?

- (1) Etazini te voye zam bay Kominis yo.
- (2) Japonè yo bay Nasyonalis yo èd ekonomik.
- (3) Kominis yo te vin jwenn sipò klas peyizan Chinwa a.
- (4) Nasyonalis Chinwa yo monte gouvènman pa yo nan Taywann.

Sèvi ak kat anba yo epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 37 la.

Lafrik Endepandan, 1950–1980



Sous: Glenn E. Hughes et al., *Practicing World History Skills*, Scott, Foresman & Co., 1984 (adapte)

37 Dapre kat sa yo, ki deklarasyon ki vre?

- (1) Lejip ak Etyopi pa fè pati Lafrik ankò.
- (2) Rive 1980, majorite peyi Afriken te vin endepandan.
- (3) Rive 1950, Larisi oubyen Etazini kontwole majorite Lafrik.
- (4) Inyon Afrikdisid te vinn rele Namibi.

38 Ki evenman ki montre politik kont ekspansyon an?

- (1) Pwosè Nirembèg yo (1945–1946)
- (2) Leve kanpe Ongwa a (1956)
- (3) lansman Sputnik (1957)
- (4) blokis naval Kiba (1962)

39 Yon resanblans ant perestroyika Mikaèl Gòbachèv la ak Kat Modènizasyon Deng Zyaopin nan sèke yo chak

- (1) te pèmèt yon ti pati nan kapitalis
- (2) te kenbe pwosesis demokratik la
- (3) ranfòse kominis
- (4) ogmante tansyon nan lemond

40 Yon resanblans ant Lagè Koreyen an ak Lagè Vyetnam nan sèke toulede te


- (1) rezoud ak efò diplomatik Nasyonzini
- (2) fèt akòz ideyoloji politik ki pa t menm pandan Lagèfwad la
- (3) fèt san okenn enfluyans oubyen asistans etranje
- (4) fèt akòz konfli relijye

41 Ki pratik nan Lewòp medyeval ki te pi sanble ak kòd bushido ki se kòd yon gèrye Japonè?

- | | |
|---------------|--------------|
| (1) endiljans | (3) chevalye |
| (2) sèvitid | (4) tribi |

Sèvi ak foto anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 42 a.

Mi Bèlen



— Reuters/David Brauchli/Foto achiv
Sous: <http://imagesvr.epnet.com/embimages/imh/archivephoto/full/g1952059.jpg>

42 Foto sa a ki te pran an 1989 reprezante


- (1) lafen Lagèfwad la
 - (2) enpòtans transpò aeryen Bèlen an
 - (3) kreyasyon yon Lalmay divize
 - (4) Alman yo te pè lide Nazi
-

43 Nan peyi Liran, Revolisyon 1979 la epi monte fondamantalism Islamik la te vin lakòz

- (1) yon ogmantasyon dwa fanm
- (2) tansyon ant tradisyonalis ak modènizasyon kontinye
- (3) kontwol etranje genyen sou resous natirèl yo vin pi plis
- (4) yon fòm gouvènman kominis vin parèt

Sèvi ak graf anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 44 la.

Pri Koton nan Lemonn an Mwayèn pa Mwa (an sentim pa liv)



Sous: *Wall Street Journal*, June 26, 2002
(adapte)

44 Dapre graf sa a gen yon gwo pwoblèm pou peyi


- (1) ki gen balans komèsyal favorab
 - (2) ki fè ekspòtasyon endistriyèl ak agrikilti
 - (3) ki depann sou rekòt yo vann kach pou sipòte ekonomi yo
 - (4) ki gen ekonomi yo divèsifye
-

45 Ki seri evenman ki plase nan bon lòd kwonolojik?

- (1) Kwazad → Revolisyon Fransèz → Renesans
- (2) Revolisyon Fransèz → Kwazad → Renesans
- (3) Kwazad → Renesans → Revolisyon Fransèz
- (4) Renesans → Kwazad → Revolisyon Fransèz

Sèvi a graf anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 46 la.

Kwasans popilasyon nan Lemonn: A.D. 1-2000



Sous: Population Reference Bureau and de Blij and Murphy, *Human Geography: Culture, Society, and Space*, John Wiley & Sons, 1999 (adapte)

46 Ki deklarasyon ki ale ak enfòmasyon ki nan graf la?

- (1) popilasyon mondyal la rete menm depi lane 1 apre Jezikri pou rive lane 1650 apre Jezikri.
- (2) majorite kwasans popilasyon an te fèt pandan peryòd 1000 rive 1500.
- (3) to kwasans popilasyon an te desann pandan peryòd 1650 pou rive 1800.
- (4) popilasyon mondyal la vinn 3 fwa plis pandan 1930 ak 2000.

47 Ki peryòd nan listwa ki te gen pi gran enfliyan sou Syèk Limyè lide lwa natirèl ak rezon?

- (1) Paks Womana
- (2) Mwayennaj
- (3) Laj Eksplorasyon
- (4) Revolisyon syantifik

48 Pandan vintyèm syèk la, tout atansyon te dirije sou Amenyen nan Anpi Otoman yo, Toutsu Wanda yo, ak Mizilman Kosovo yo akòz gwoup sa yo tout te viktim

- (1) aksidan enèji nikleyè
- (2) vyolasyon dwa moun
- (3) dega anviwonmantal
- (4) epidemi SIDA


49 • Mayi ak pòm detè grandi nan Lewòp.

- Milyon afriken te soufri nan Pasaj Mwayen an.
- Varyòl te gen konsekans grav sou pèp endijèn nan.
- Lang espanyòl la itilize nan majorite Amerik Latin.

Ki entèraksyon global deklarasyon sa yo montre?

- (1) Echanj Wout Swa
- (2) Kwazad
- (3) Mache Kolonbyen
- (4) Goumen pou Lafrik

Sèvi avèk desen anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 50 la.



Sous: John Trever, *Albuquerque Journal*, Sept. 2001
(adapte)

50 Ki lide prensipal desen 2001 sa a?

- (1) Premye sa ki pou fèt nan goumen kont teyoris se elimine zam nikleyè.
 - (2) Batay kont teyoris ap long epi difisil.
 - (3) Yo bezwen nouvo ekipman pou elimine teyoris.
 - (4) Metòd ki fè konnen moun annafè ak teyoris global la kreye youn tèt ansanm.
-

Se pou ou ekri repons kesyon redaksyon yo nan livrè redaksyon an.

Nan devlopman repons ou pou Pati II, fòk ou panse a definisyon jeneral sa yo:

- (a) **eksplike** vle di “fè l klè oubyen fè moun konprann; bay rezon oubyen kòz yon bagay; montre devlopman lojik relasyon ki egziste”
- (b) **diskite** vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay pandan w ap sèvi ak reyalite, rezonman, ak agiman; prezante ak detay”

Pati II

KESYON REDAKSYON TEMATIK

Direksyon: Ekri yon redaksyon byen òganize ki genyen yon entwodiksyon, plizyè paragraph ki adrese tach pi ba a, ak yon konklizyon.

Tèm: Chanjman

Lide ak kwayans filozòf ak lidè yo te mennen chanjman nan nasyon ak nan rejyon yo.

Travay pou fè:

Chwazi **de** filozòf **and/or de** lidè epi pou you **chak**

- Eksplike yon gwo lide oubyen kwayans filozòf la oubyen lidè a
- Diskite kòman lide sa a oubyen kwayans sa a chanje **yon** nasyon oubyen **yon** rejyon

Ou ka itilize nenpòt filozòf ak lidè nan etid ou fè sou istwa global. Kèk lidè ou ta vle konsidere se Confucius, John Locke, Adam Smith, Simón Bolívar, Otto von Bismarck, Vladimir Lenin, Mohandas Gandhi, Mao Zedong, Fidel Castro, oubyen Nelson Mandela.

Ou pa limite a ide sa yo sèlman.

Nan repons ou pa itilize yon filozòf oubyen yon lidè nan Etazini.

Gid:

Nan redaksyon ou an, fòk ou:

- Devlope tout aspè travay la
- Sipòte tèm lan ak reyalite, egzanp ak detay ki enpòtan
- Itilize yon plan òganizasyon ki lojik e ki klè, ki genyen yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon repetisyon tèm nan

Nan devlopman repons ou pou Pati III, fòk ou panse a definisyon jeneral sa yo:

diskite vle di “fè obzèvasyon sou yon bagay ak itilizasyon reyalyte, rezònman, ak agiman; prezante ak detay”

Pati III

KESYON KI BAZE SOU DOKIMAN

Kesyon sa a baze sou dokiman ki akonpanye li yo. Yo fè li pou teste abilite ou pou ou travay ak dokiman istorik. Genyen nan dokiman yo ki te revize pou kesyon an menm. Pandan w’ap analize dokiman yo, panse a sous chak dokiman ak nenpòt opinyon ki ta ka prezante nan dokiman an.

Kontèks Istorik:

Nan fen lane 1800 epi nan kòmansman lane 1900 yo, enperyalis te afekte anpil sosyete nan lemonn. Lide sou enperyalis chanje dapre jan yon moun panse.

Tach: Sèvi ak enfòmasyon ki nan dokiman yo epi ak konesans ou nan istwa global, reponn kesyon yo ki vin apre chak dokiman nan Pati A a. Repons ou yo ap ede w ekri Pati B redaksyon an kote yo pral mande w pou

- Pale sou lide enperyalis dapre pouvwa enperyalis la
- Pale sou lide enperyalis dapre pèp ki te kolonize yo

Nan repons ou *pa* itilize yon egzanp sou enperyalis dapre istwa Etazini.

Pati A

Kesyon ak Repons Kout

Direksyon: Analize dokiman yo epi reponn kesyon ak repons kout yo ki apre chak dokiman nan espas yo bay la.

Dokiman 1

Nou dwe gade kesyon sa a an fas, epi rekonèt pou nou bay plis travay fòk nou kreye plis demann. Mande mwen pou plis byen epi mwen ap okipe m bay anpil travay pou fè byen yo; epi sèl bagay, dapre mwen menm, Gouvènman an pou fè fas ak gwo pwoblèm sa a nou ap pale la a, dwe vin ak yon politik kote li ta dwe pouse [ankouraje] demann la; li ta dwe kreye nouvo mache, epi ansyen mache yo ta dwe byen devlope. Nou konnen kèk moun ki pa dakò ak mwen pran plezi kèk fwa pou ban mwen non—epi pami lòt non yo jwenn dènyeman yo ap rele mwen Jingo [nasyonalis ekstrèm]. Mwen pa plis Jingo pase nou. Men pou rezon sa yo ak prèv sa yo mwen mete devan nou aswè a mwen gen konfyans se yon nesosite tankou yon devwa pou nou kenbe teritwa a [pouvwa] ak anpi nou genyen kounye a. Pou rezon sa yo, pami lòt, mwen pa p janm lage men nou genyen kounye a sou depandans endyen an—ki se kliyan ki pi bon epi pi valab nou genyen oubyen nou ap janm genyen nan peyi sa a. Pou menm rezon sa a mwen dakò pou nou kontinye okipe Lejip; epi pou menm rezon yo mwen te montre Gouvènman sa a, epi Gouvènman anvan yo, nesosite pou sèvi ak tout opòtinite lejitim pou laji enflyans ak kontwòl nou sou bon kontinan Afriken an ki kòmanse ap louvri pou sivilizasyon ak komès; epi, alafen, se pou menm rezon an mwen di ankò lame nou yo dwe vin fò — jiskaske lè fòs li chita yo pa ka manyen nou nan okenn posesyon nou genyen oubyen nou pral genyen apre. . . .

Sous: Joseph Chamberlain, *Foreign and Colonial Speeches*, George Routledge & Sons, 1897

- 1 Dapre dokiman sa a bay **yon** rezon ki fè Joseph Chamberlain panse koloni yo te gen valè pou Grann Bretay. [1]

Score

Dokiman 2

. . . Yon lòt kote, valè misyon Endistriyèl la, depann, ak asirans, pi plis sou kalite tribi kote li ye a. Ou kapab ba li yon valè ki pi wo nan mitan moun tankou Waganda, si ou chita sou kapasite natirèl yo genyen ak anvi prese pou aprann. Men menm tribi ki mwens avanse epi ki pi ariyere yo kapab benefisye menm jan an, pa sèlman travay mekanik ak atizan, tankou chapant oubyen fòjewon, men tou nan fason ki pi senp yo montre fè agrikilti. Pi ki ap fouye, sistèm irigasyon, fè konnen epi plante pye bwa ki itil, itilizasyon fimye, ak itilizasyon bèt nan plante tè, amelyorasyon zonti yo, lè yo vini ak ansyen charyo Endyen yo ak lòt — tout sa yo, pandan y ap chanje sitiyasyon endyen yo, ap fè tè yo vin bay plis rannman, kidonk, lè endyen an pwodwi pi plis, li ap kapab achte nan men komèsan an rad ki ap fè li parèt kòrèk, epi zouti ak bagay pou kay ki ap ba li pi bon rezilta lè li ap plante epi fè li pi alèz nan vi sosyal li. . . .

Sous: Frederick D. Lugard, *The Rise of Our East African Empire*, Frank Cass & Co., 1893

2 Dapre dokiman sa a, bay **de** fason enperyalis Angle yo ta dwe benefisye Afriken yo. [2]

(1) _____

Score

(2) _____

Score

Dokiman 3

. . . An nou rekonèt lontan [kòmansman] sèvo, lajan ak enèji Ewopeyen yo pa te janm, epi pa p janm, ale [depanse] nan devlopman resous nan Lafrik paske yo te sèlman filantwòp; Lewòp te ale nan Lafrik pou avantaj klas endistriyèl yo a ak avantaj ras moun ki fèt nan zòn nan nan lide pou yo al pi lwen; avantaj sa a te kapab vin pwofite tou le de [menm], se objektif ak dezi administrasyon sivilizeyo pou reyalize tou de manda sa yo.

Nou te pote kontribisyon nan pwosperite ak richès tè sa yo, epi aji sou grangou ak maladi lè nou fè ray tren ak wout, ranje [retablisman] mare yo ak irige dezè yo, epi ak yon sistèm balanse echanj ak konpetisyon. Nou mete yon fen nan vye mizè vant esklav ak lagè ant tribi yo, sakrifis moun ak pwoblèm fo doktè. Kote ki te gen bagay sa yo te elimine byen rèd. Nou eseye aprann ras moun ki fèt nan zòn nan pou jere pwoblèm yo ak imanite ak jistis, epi aprann yo menm jan ekriti ak endistri. . . .

Sous: Lord [Frederick D.] Lugard, *The Dual Mandate in British Tropical Africa*, Archon Books, 1922

3 Dapre dokiman sa a, ki **de** fason Angle yo amelyore lavi Afriken yo? [2]

(1) _____

Score

(2) _____

Score

Dokiman 4

Kwasans Anpi Japonè a
1872–1918



Sous: Geoffrey Barraclough, ed., *Hammond Concise Atlas of World History*, Hammond, 1998 (adapte)

4 Dapre enfòmasyon nan kat la, bay **yon** chanjman ki fèt nan Lazi ki se rezilta ekspansyon anpi Japonè a. [1]

Score

Dokiman 5

. . . Pi gwo travay Konpayi nan Lès Lend lè li te kòmanse, vre objektif ki fè li te kòmanse, sete pou ekspòte pwodwi fini Endyen — twal, etc., menm jan ak epis ak lòt ankò — sòti nan Lès pou ale Lewòp, kote te gen anpil demann pou atik sa yo. Avèk devlopman teknik endistriyèl nan Langletè yon nouvo klas kapitalis endistriyèl vin parèt mande yon chanjman nan politik sa a. Mache angle a ta dwe fèmen pou pwodwi Endyen yo, epi mache Endyen an dwe louvri pou pwodwi Angle yo. Nouvo klas sa a te enfliyanse palman Angle a ki kòmanse montre yon pi gran enterè nan Lend epi nan travay Konpayi nan Lès Lend la. Pou kòmanse, lalwa Angle entèdi nèt pwodwi Endyen sou mache a, epi kòm konpayi a te gen monopòl nan biznis ekspòtasyon nan Lend, entèdiksyon sa a te enfliyanse tou lòt makèt etranje. Apre sa a vin gen gwo tantativ pou kenbe epi peze pwodwi Endyen yo ak anpil mezi epi travay entèn ki anpeche pwodwi Endyen yo sikile nan peyi a menm. Pandan tan sa a pwodwi Angle te rantre lib. Endistri twal Endyen an tonbe, sa ki afekte yon kantite moun ki fè twal ak atizan. Sa te fèt rapid nan Bengal ak Bihar; lòt kote sa gaye ti pa ak lwa Angle yo ki ale pi lwen epi ray tren ki konstwi. Sa te kontinye nan dizenvyèm syèk la, pou kraze lòt ansyen endistri, konstriksyon bato, travay fè, vè, papyè, ak lòt atizana. . . .

Sous: Jawaharlal Nehru, *The Discovery of India*, John Day Company, 1946

5 Dapre Jawaharlal Nehru, ki *de* fason Grann Bretay te eksplwate ekonomi Endyen an? [2]

(1) _____


Score

(2) _____

Score

Dokiman 6

Kantite nan tè Lafrik Ewopeyen yo te kontwole



Sous: *World History, Connections to Today*, Core Support, Prentice Hall, 2001 (adapte)

6 Dapre graf sa yo, bay **yon** chanjman ki fèt nan Lafrik ant 1850 ak 1914. [1]

Score

Dokiman 7

. . . Lè gwo goumen pou Lafrik te kòmanse nan dènne ka dizneyèm syèk la, koloni yo te tounen yon pwolonjman [ekstansyon] nesèsè pou kapitalis Ewopeyen an, ki te rive lè sa a nan yon monpòl endistriyèl ak finansye ki te bezwen agrandi teritwa li pou bay mwayen pou investi lajan, sous matyè premyè, mache, ak pwèn estratejik pou defans wayòm nan. Kidonk tout enperyalis yo, alawonbadè, chèche mwayen, politik kolonyal yo, pou jwenn rezilta, eksplwatasyon teritwa kolonize yo pou agrandi [laji] peyi metwopòl [enperyalistik] yo. Yo tout te rapas [visye]; yo tout fè demann yo pase anvan bezwen tè kolonize a; yo tout anpeche [limite] dwa moun ak libète; yo tout reprime ak piye [vyole], degrade ak oprime. Yo te pran tè nou, lavi nou, resous nou, epi diyite nou. Yo tout, yo pa kite anyen sèlman rankin nou, epi apre, detèminasyon nou pou nou vin lib epi leve kanpe pou nou vin ankò gason ak fanm ki ka mache at tèt yo dwat. . . .

Sous: Kwame Nkrumah, *Africa Must Unite*, International Publishers, 1970

7 Dapre dokiman an, bay **yon** kritik yo fè sou enperyalis Ewopeyen an? [1]

Score

Dokiman 8

Kòman Japonè yo te Trete Koreyen yo pandan Dezyèm Gè Mondyal la

. . . Pou fè Koreyen yo vin menm jan ak Japonè, yo te fòse Koreyen yo chanje dènye non yo menm jan ak non Japonè. Nan domèn relijye, Japonè yo te fòse Koreyen yo priye bondye Japonè yo tankou yon devwa.

Politik sa a te fèt pou elimine nasyon [idantite kiltirèl] Koreyen an nèt sou latè epi pou fè yo vinn [trete] sijè kolonyal ak esklav ki ap sèvi Japonè yo sèlman.

Alafen, Japonè yo mennen yon kantite ou pa ka konte timoun ak fanm Koreyen yo nan lagè, nan faktori, ak nan chan min pou ede yo nan konkèt yo ak nan lagè. . . .

— Radio Korea International, 2003

Sous: http://rki.kbs.co.kr/src/history/hok_contents.asp

8 Dapre dokiman sa a, bay **de** konsekans okipasyon Japonè a sou pèp Koreyen an. [2]

(1) _____

Score

(2) _____

Score

Pati B

Redaksyon

Direksyon: Ekri yon redaksyon byen òganize ki gen yon entwodiksyon, plizyè paragraf ak yon konklizyon. Sèvi ak prèv pou *pi piti senk* dokiman pou kore repons.

Kontèks Istorik:

Nan fen lane 1800 epi nan kòmansman lane 1900 yo, enperyalis te afekte anpil sosyete nan lemonn. Lide sou enperyalis chanje dapre jan yon moun panse.

Travay pou fè:

Sèvi ak enfòmasyon ki nan dokiman yo epi ak konesans ou nan istwa global, ekri yon redaksyon kote yo mande w

- Pale sou lide enperyalis dapre pouvwa enperyalis la
- Pale sou lide enperyalis dapre pèp ki te kolonize yo

Nan repons ou *pa* itilize yon egzanp sou enperyalis dapre istwa Etazini.

Gid:

Nan redaksyon ou an, fòk ou:

- Devlope tout aspè travay la
- Mete enfòmasyon ki soti nan *pi piti senk* dokiman
- Mete enfòmasyon enpòtan ki eksteryè
- Sipòte tèm nan ak reyalite, egzanp ak detay ki enpòtan
- Itilize yon plan òganizasyon ki lojik e ki klè, ki genyen yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki plis ke yon repetisyon tèm nan.

Koupe fèy papye sa a la a.

The University of the State of New York

Part I

REGENTS HIGH SCHOOL EXAMINATION

ISTWA JENERAL AK JEOGRAFI

Madi, 24 janvyè 2006 — 9:15 dimaten pou 12:15 apremidi, sèlman

FÈY REPONS

Gason

Non Elèv la G/F: Fi

Non Pwofesè a

Non Lekòl la

Ekri repons ou yo pou Premye Pati a nan paj repons la, ekri repons ou yo pou Twazyèm Pati Seksyon A nan liv egzamen an, epi ekri repons ou yo pou Dezyèm Pati a ak Twazyèm Pati Seksyon B a nan yon lòt ti liv redaksyon apa a.

- 1..... 26
2..... 27
3..... 28
4..... 29
5..... 30
6..... 31
7..... 32
8..... 33
9..... 34
10..... 35
11..... 36
12..... 37
13..... 38
14..... 39
15..... 40
16..... 41
17..... 42
18..... 43
19..... 44
20..... 45
21..... 46
22..... 47
23..... 48
24..... 49
25..... 50

FOR TEACHER USE ONLY

Part I Score _____

Part III A Score _____

Total Part I and III A Score []

Part II Essay Score _____

Part III B Essay Score _____

Total Essay Score []

Final Score (obtained from conversion chart) []

No. Right []

Fò w siyen deklarasyon sa a lè ou fin pran egzamen an.

Mwen konfime, lan fen egzamen sa a, mwen pa te wè okenn kesyon nan egzamen sa a epi mwen pa te okouran okenn repons nan egzamen sa a anvan jou egzamen an yon fason ki ilegal. Epi tou mwen pa ni bay ni m pat resevwa okenn poul pandan m ap pran egzamen an.

Koupe fèy papye sa a la a.

Koupe fèy papye sa a la a.

Koupe fèy papye sa a la a.